# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**Улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў ҳаққында**

Улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў илажлары ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 23-июньдағы 01-05/10-06/237-санлы усыныс хаты инабатқа алынып, Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 126-статьясы 5-бөлими ҳәм "Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында"ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 15-статьясы 19-бәнтине муўапық ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 24-июньдағы "Улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў ҳаққында"ғы 378-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**Б У Й Ы Р А М А Н:**

1.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 24-июньдағы "Улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў ҳаққында"ғы 378-санлы қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынлаўы тәмийинленсин.

2. Баспа ҳәм саўда мәкемелери тәрепинен қарақалпақ ҳәм өзбек тилинде усыныс етилген әдебий китаплардың оқыўшылардың жас өзгешелигине сәйкеслиги ҳәм мектеп оқыўшыларының пайдаланыўына жарамлылығы Республика билимлендириў орайы тәрепинен үйренип шығылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм қала, районлардағы мәлимлеме ресурс орайларының китапхана фондына:

- қарақалпақ тилиндеги әдебий китаплардың бөлистирилиўи 1-қосымшаға муўапық;
- өзбек тилиндеги әдебий китаплардың бөлистирилиўи 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Халық билимлендириў министрлигиниң бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм қала, районлардағы мәлимлеме ресурс орайларының китапхана фондына сатып алынатуғын китаплар дизимин электрон торгқа жайластырыў, жеңимпаз болған мәкемелер менен шәртнамалар дүзиў ҳәмде ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумасалыўын әмелге асырыў ҳәм қадағалаўға алыў ўазыйпалары жүкленсин.

5. Халық билимлендириў министрлигиниң сабақлықлар ҳәм әдебиятлар секторы (С.Юсупов)на:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң бөлистириўи тийкарында сатып алынған китаплардың улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм қала, районлардағы мәлимлеме ресурс орайларының китапхана фондына жеткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң бөлистириўи тийкарында сатып алынған әдебий китаплардың ҳәр бир улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм қала, районлардағы мәлимлеме ресурс орайларының китапхана фондына жеткерип берилиўин шөлкемлестириў ҳәмде китапхана фондына кирис етилиўин қадағалаў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Нөкис қаласы
2021-жыл «25» Июнь
№156